

CARNIVAL OF THE ANCESTORS / KANAVAL ZANSÈT YO

8yèm GETO BYENAL 2024

Aprè siksè Atis Rezistans fè l Geto Byenal nan documenta fifteen, epi pri AICA.de pou pi bon ekspozisyon pou 2022, epi finalman denye viktwa nou nan Rising festival nan Melboun, ekip Geto Byenal la kontan pou anonse òganizasyon 8tyèm Geto Byenal la nan 2024 la, soti mitan fevriye pou rive nan komansman mwa mas la nan vil Jakmèl, Ayiti.

Nou tout nèt regrèt anpil difètke nou pa retounen nan sit orijinèl la akòz ensekirite a ki pa janm sispann nan Potoprens, sitou toupre zòn Granri/Pòtay Lewogàn, Ekip Geto Byenal la te pran desizyon pou deplase evénman an, pou ane sa sèlman, nan Jakmèl. Pral genyen san okenn dout diferans parapò ak sit orijinèl la sou Granri, epi nou espere anbrase yo nan dekouvri lòt atis ayisyen, sit, ak fòm latizay. Kòm nou pa gen anpil finansman pou transpòte ak loje manb Atis Rezistans deyò Potoprens, prensipal chanjman yo ap nan ansanm atis ayisyen ou ka travay avèk yo a... men nou ap ankouraje atis ki anvizite envite ak sipòte manm Atis Rezistans si yo swete pouswiv e/ oubyen kontinye yon relasyon travay.

Enstabilite politik la moun Potoprens ap soufri nan moman pa bon menm e nou sensèman espere pou gen yon chanjman pozitif alavni, men nou te santi se te pi bon desizyon pou Geto Byenal la, latizay ayisyen an tout-antye, e ak esperans nan lavni, pou Atis Rezistans, sezi moman parapò ak vizibilite e piblisite li resewa e kontinye, jis pou fwa sa a, nan yon lòt espas. Jakmèl poze e li pa afekte yon bò parapò ak ansanm sitiyoasyon nan kapital peyi a, e dotanplis se basyon yon sèn atis kreyatif pwospè.

"GEN MASK KI PWOTEJE NOU KONT LÒT, MEN GEN MAS KI ANKOURAJE NOU, E OU WÈ SA NAN KANAVAL"

EDWIDGE DANTICAT

Geto Byenal sa espere entegre e kontribiye nan latizay nan Jakmèl an menm tan tou pou talan ak konpetans anpil atis kanaval, eskiltè papyè mache, kominote vodou, gwoup LGBTQ+, twoup dans ak atis ekip nou devlope bon jan koneksyon avèk yo nan Jakmèl enfliyans l. Nou espere ede kandida ki reyisi reyini ansanm avèk òganizasyon lokal yo tankou Jakmèl Ekspresyon, Artist Institute, FOSAJ ak yon bann atis ki fè maskarad.

Tèm pwochen Geto Byenal la ap "Kanaval Zansèt", e l pral eksplore enpòtans, rasin ak pakou global kanaval e dekouvri aketip ki swiv karaktè sa yo nan dividal istwa, mitoloji ak politik. Nou vle anbrase politik teyat lari ak vizyon **transgresif** kanaval. Geto Byenal la vle kreye yon echanj latizay kontanporen entènasyonal ki ka angaje, founi je gade, reflekte ak retravay konsèp kanaval yo ansanm e an kolaborasyon, e eksplore mekanism istwa yo rakonte ki soti anba.

Nou vle kesyone ki mask ki kache e ki mas ki revele? Nou resevwa pwojè ki baze sou zansèt nan tan lontan e chita sou divès varyete fiti ak paran kanavales. Nou ta swete fè rechèch sou anpil ansyen rasin kanaval soti depi sou Dionysus nan ansyen Grès, Saturnalia Women yo, rive nan Mwayen Aj e rèv Cockaigne ak debòch avan karèm e rasin Trans/Black Atlantik (atlantik Nwa) nan Amerik ak Karayib la.

"NOU SE MOUN KANAVAL, NOU SE MOUN ki vibre, NOU PA MOUN MOURI"

VIV RICHARDS

Nou vle anbrase entèvansyon fizik ak vityèl sou kanaval ak zansèt yo, atis ki ap eksplore fòm atistik lokal jakmèyèn pou kreye nouvo. Nou resevwa tou pwojè ki eksplore lyen ki kache ant vodou, kanaval ak zansèt yo. Menm Jan ak latizay vizyèl e eskiltiral, nou resevwa koyegرافي ki devlope, fiksyon sonò, teknik senik mizikal, pwosesyon rityèl ak sekilè, politik entèvansyon mas la nan espas piblik, jwe wòl ak pwodiksyon kostim. Nou ap chache founi-je-gade nan estrikti kanaval yo, sistèm, ak politik/jan/ras/ rankont klas yo. Geto Byenal la vle rekonèt kilti kanavalès yo se vag ak kouran sikilasyon etenèl tradisyon ki soti nan fèt sezonye, *potlach* e jan yo sitiye nan seremoni Premye Nasyon an menm jan ak festivite kontanporen kilti Afriken, Ewopeyen, Aziyatik e Ameriken yo.

"GWO CHANJMAN YO...TOUJOU GENYEN YON SÈTEN KANAVAL KONSYANS KI VINI AVAN."

MIKHAIL BAKHTIN

8tyèm Geto Byenal 2024 la ap fèt soti 9 fevriye pou rive 4 mas 2024. Tout travay yo dwe fèt e ekspoze an Ayiti. Atis ak konsèvatè yo ap envite pou pase, pa pipiti pase 10 jou e jiska twa semenn an Ayiti avan pou yo prezante travay yo nan zòn nan.

Dat limit enskripsyon yo se vandredi 25 out 2023 a minui GMT (Lè Grand Bretagn) e nou ap pran desizyon yo e pibliye yo lendi 28 out 2023. Kandida pou 8tyèm Geto Byenal 2024 la dwe bay yon sinopsis ekri sou pwopozisyon pwojè yo a ki kouvri kontèks konseptyèl, metodoloji, ak yon estrateji pwodiksyon e ekspozisyon pou nouvo travay ki pwopoze a ki pa depase 500 mo. Tout pwopozisyon an ak tout ilustrasyon pa dwe depase yon bò/paj A4 . Yon CV yon paj dwe akonpanye ak li.

Tou de dokiman yo dwe nan fòm PDF e nome SURNAME_FORENAME_PROJ & SURNAME_FORENAME_CV. Nou p ap aksepte okenn pwopozisyon oubyen CV ki depase yon paj, nou p ap aksepte okenn imaj ki atache, ni lyen sit entènèt kòm konpozan pwopozisyon.

Tanpri konnen byen nou ap chache travay ki ap kreye pandan peryòd twa semenn lan nan Jakmèl, Ayiti. Nou p ap chache travay ki te deja fèt.

PA GEN finansman pou evenman sa a, e w ap gen pou w kouvri kou vòl ou, lojman, ak materyo. Nou ap bay yon lis e nou ap plis ke kontan pou ede ou (pa imèl) avèk nenpòt rechèch ak enfòmasyon ou bezwen, avan aplikasyon ou a e pou rive nan evenman an. Konsèy ka bay tou sou aspè pratik pou pwodiksyon pwojè espesifik ak bidjè pou sejou a.

Nou ap oganize tout rezevasyon otèl ak transpò ayewopò.

Kòmande yon kopi katalòg Geto Byenal la isit la. <https://www.centralbooks.com/ghetto-biennale-geto-byenal-2009-2015.html>

Tanpri tyeke 'research resources (rechèch resous)' sou sitweb nou an pou yon lis liv ak fim pou ede w rechèche pwojè ou a.

Tyeke achiv pwojè Geto Byenal avan yo www.ghettobiennale.org.

Pou enfòmasyon, aplikasyon & kesyon kontakte: Leah Gordon sou Leahgordon@aol.com